



Pou Piblikasyon Imedya: 10/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE DEPATMAN SÈVIS PIBLIK LAN ENSTWIKSYON POU  
MENNEN ANKÈT SOU SOU-ESTASYON KI ANDOMAJE YO KI LAKÒZ  
ENTÈRIPSYON KOURAN MAJÈ YO NAN REJYON LWÈS NEW YORK**

**Prèske 27,000 Kliyan Te San Kouran Pandan Sware a Akoz Gwo Van yo**

**Gwo Van yo nan Zòn nan Ka Lakòz Entèripsyon Adisyonèl**

**Ou Kapab Rele Liy Asistans Sant Apèl Komisyón Sèvis Piblik lan nan Rele  
1-800-342-3377**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pase Depatman Sèvis Piblik nan Eta New York lan (New York State Department of Public Service) enstwiksyon jodi a pou yo mennen ankèt sou twa sou-estasyon ki andomaje yo ki nan komin Hamburg ki te lakòz entèripsyon kouran majè nan Rejyon Lwès New York apre prèske 26,800 kliyan ki pa't gen kouran nan Samdi swa akoz gwo van yo. Yo te retabli kouran pou prèske tout kliyan sa yo nan kòmansman Dimanch aprèmidi, sepandan te gen entèripsyon adisyonèl ki te rive epi gen lòt ki posib pliske yo prevwa kondisyon gwo van nan zòn nan pou rès jounen an, ak rafal van potansyèl ki fò rive jiska 96 kilomèt pa èdtan nan kèk pati nan Rejyon Lwès New York. Konpayi sèvis piblik yo te plase alavans ekip nan rejon yo pou ka retabli sèvis yo si gen entèripsyon adisyonèl.

"Yon lòt fwa ankò Manman Lanati te bay nou yon lòt tès, epi pandan ke nou te fè anpil pwogrè, nou ap pran mezi adisyonèl pou ka ede kominote yo retabli kouran epi asiste sila yo ki afekte pa tanpèt la", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Konsideran kantite entèripsyon yo, mwen pase Depatman Sèvis Piblik la enstwiksyon pou li mennen ankèt sou preparasyon ak entèvansyon konpayi sèvis piblik yo pou tanpèt yo. Nou te asire tou ke konpayi sèvis piblik yo te deplwaye nan rejon an resous adisyonèl ki soti atravè Eta a, epi nou pral kontinye reponn agresivman nan kominote a jiskaske retablisman an fin konplete."

Moun New York yo ta dwe kontinye prete anpil atansyon a rapò sou kondisyon meteyo lokal yo pandan tout wikenn lan. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la.

**Depatman Sèvis Piblik**

Depatman Sèvis Piblik lan te an kontak regilye ak chèf egzekitif siperyè sèvis piblik yo, epi li ap siveye de prè jefò restorasyon tanpèt pou sèvis piblik yo pou kapab asire ke yo minimize entèripsyon sèvis piblik yo, epi akselere restorasyon entèripsyon yo. Nou kapab rele Liy Asistans Sant Apèl Komisyón Sèvis Piblik lan (Public Service

Commission, PSC) nan rele 1-800-342-3377 pou asiste konsomatè yo nan efò preparasyon ak retablisman pou tanpèt yo.

#### Depatman Transpò (Department of Transportation)

566 Sipèvizi ak Operatè disponib nan Reyon Lwès New York epi yo prepare pou fè entèvansyon. Tout lokal Rezidans ki nan zòn ki afekte yo pral gen pèsonèl jan sa nesesè pou operasyon 24 sou 24, 7 jou sou 7 yo pandan dire evènman an ansanm ak pandan operasyon netwayaj yo. Ekip reyonal ki nan zòn ki afekte yo pral patwouye sou Otowout Eta yo pou idantifye nenpòt pwoblèm pye bwa oswa blokis glas yo.

Tout ekipman entèvansyon pou evènman van yo ki disponib pou deplwaman nan Reyon Lwès NY, gen pamí yo:

- 7 kamyon dechiktez
- 6 kamyon siyal sikilasyon
- 1 kamyon nasèl pou ekip pou netwaye pye bwa yo
- 5 kamyon chajè ki gen grapen yo.
- 3 eskavatris ki gen bra long yo pou netwaye glas ki akimile yo.

Yo raple otomobilis yo ke Lalwa Eta a egzije si “pa gen kouran” nan yon kafou epi siyalizasyon pou sikilasyon yo pa operasyonèl, otomatikman kafou sa a ap vin tounen yon arè nan tout sans. Nan ka gen wout ki fèmen oubyen ki bloke akoz inondasyon, kab elektrik ki tonbe oubyen debri yo, yo konseye otomobilis yo pou yo pran prekosyon epi obeyi tout pano siyalizasyon oubyen barikad ki an plas yo, kèlkeswa si yon wout parèt lib ou pa.

#### Lapolis Eta

Lapolis Eta a prepare pou deplwaye Manm Patwouy adisyonèl jan sa nesesè nan zòn ki afekte yo, pou entèvansyon nan nenpòt ka ijans ki an rapò ak metewo yo, epi pou demann pou asiste ajans fòs lapolis lokal yo.

#### Si ou pa gen kouran:

- Rele konpayi sèvis publik ou a pou ou ka konnen orè reparasyon nan zòn nan. Etènn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou ou ka evite yon sichaj kouran lè yo repare sèvis la. Kite yon limyè limen pou endike lè yo repare kouran an. Kite pòt frijidè ak frizè yo fèmen pi plis posib pou ede redwi kantite manje ki gate.
- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli vesò an plastik yo ak dlo, kite yon pouz espas andedan chak. Sa pral ede kenbe manjeyo fre.

#### Si ou bezwen itilize yon dèlko:

- Anvan ou enstale yon dèlko, asire ou ke ou byen dekonekte de sèvis elektrik konpayi sèvis publik ou an. Si li posib, fè yon elektrisyen ki kalifye enstale dèlko a pou ou. Mete dèlko a mache deyò, nan sans van an avèk fondasyon kay la. Pa janm fè yon dèlko mache andedan kay ou. Gaz monoksid kabòn ki danjere pou lavi moun k ap sòti nan lafimen dèlko a kapab simaye toupatou nan espas ki fèmen yo.
- Kabiran ki tonbe sou yon dèlko cho kapab lakòz yon esplozyon. Si dèlko ou gen yon tank gaz ki detachab, retire li anvan ou replen li. Si sa pa posib, etènn dèlko a epi kite li refwadi anvan ou replen li.

- Pa depase kalibraj dèlko ou a. Laplipa ti dèlko pòtatif pou itilize nan kay yo pwodwi ant 350 ak 12,000 wat enèji. Si ou mete twòp chaj sou dèlko ou a, sa kapab kraze li ansanm ak aparèy menaje ki konekte sou li yo, epi sa ka lakòz dife. Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
- Toujou kenbe timoun yo lwen dèlko yo.

**Evite anpwazònman avèk monoksid kabòn:**

- Pa limen dèlko yo anndan kay; motè a ap emèt gaz monoksid kabòn ki danjere pou lavi moun. Pa itilize chabon pou kwit manje andedan kay la. Sa ka lakòz tou akimilasyon gaz monoksid kabòn.
- Pa itilize fou a gaz ou a pou chofe kay ou a -- itilizasyon yon fou ki louvri pandan twòp tan nan yon kay ki fèmen kapab kreye gaz monoksid kabòn.
- Enstale yon alam pou monoksid kabòn.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)